




# Re-ouvèti New York



## Enstwiksyon Pou Konpayi ak Anplwaye Biznis an Detay ki Esansyèl epi nan Dezyèm Faz yo

Enstwiksyon sa yo aplike tou pou tout aktivite biznis an detay ki pa esansyèl nan magazen yo ki nan rejyon yo nan eta a ki nan Dezyèm Faz [reyouvèti yo](#) oswa pi devan ke sa, ansanm ak pou tout aktivite biznis an detay ki esansyèl nan magazen yo ki toupatou nan eta a. Konsilte Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite Biznis an Detay Jeneral yo pou COVID-19 pou ka jwenn tout detay yo.

Pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la, tout biznis an detay yo ta dwe rete okouran de nenpòt dènye chanjman ke yo te fè nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite biznis an detay yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Distans Fizik</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Asire yon distans 6 pye ant moun yo, amwens ke sekirite oswa fonksyon prensipal nan aktivite travay yo mande yon distans ki pi kout.</li> <li>✓ Redwi kontak ak rasanbleman entèpèsònèl yo, apati metòd tankou limite prezans mendèv yo a sèlman anplwaye ki nesèsè pou fè aktivite nan biznis an detay yo.</li> <li>✓ Nou dwe limite prezans mendèv ak kliyan yo a pa pi plis pase 50% kapasite maksimòm kantite moun ki posib pou yon zòn an patikilye jan ke yo te etabli sa nan sètifika sou kantite moun posib yo, ki enkli kliyan yo, ki dwe kenbe distans 6 pye separasyon ant yo, epi, nan tout ka yo, dwe mete yon mask ki akseptab pou kouvri figi yo.</li> <li>✓ Si espas piti yo (pa egzanp, asansè, ti sal depo, dèyè gichè lajan, ak koulwa machandiz ki kwense yo) gen plis ke yon moun alafwa, limite kantite moun yo a mwens pase 50% kapasite maksimòm yo.</li> <li>✓ Poste makè distans sosyal yo apati itilizasyon tep oswa siy yo ki endike espas 6 pye yo nan espas ke moun itilize souvan yo ak nenpòt lòt zòn ki aplikab yo (pa egzanp, espas kote moun yo ka make lè yo kòmanse/fin travay, espas evalyasyon sante yo, sal poz yo, gichè lajan yo, koulwa machandiz yo).</li> <li>✓ Limite rasanbleman an pèsòn ki pa esansyèl yo (pa egzanp, reyinyon yo) pi plis posib.</li> <li>✓ Etabli zòn ke yo te chwazi pou livrezon atik yo, sa ki ap limite kontak yo nan mezi ki posib.</li> <li>✓ Asire ke chanm pou moun chanje rad yo ekipe ak materyèl netwayaj ak dezenfeksyon ki apwopriye pou anplwaye ak kliyan yo itilize, ki enkli dezenfektan pou men yo.</li> <li>✓ Fèmen enstalasyon ki enkli bar kote moun ka sèvi tèt yo ak kote yo bay echantiyon yo.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Kreye espas adisyonèl pou anplwaye yo lè n'ap limite prezans an pèsòn yo a sèlman pèsònèl ki nesèsè pou aktivite aktyèl yo, ajiste orè biznis an detay yo pou kapab gaye sikilasyon anplwaye ak kliyan yo sou yon peryòd tan ki pi long, dekalè tan arivaj/depa yo, kreye ekip A/B yo.</li> <li>✓ Modifye itilizasyon ak/oswa limite kantite espas travay oswa zòn kote anplwaye yo chita pou yo ka kenbe yon distans 6 pye youn de lòt nan tout direksyon yo Si sa pa posib, bay epi mande itilizasyon mask ki kouvri figi yo oswa mete baryè fizik yo (pa egzanp, mi baryè an plastik), konfòmman a <a href="#">lis enstwiksyon Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration (OSHA))</a> yo, nan zòn kote yo pa pral afekte sikilasyon lè, chofaj, rafrechisman, oswa ayerasyon.</li> <li>✓ Modifye enstalasyon biznis an detay yo, epi redwi sikilasyon apye nan de direksyon yo lè n'ap itilize tep oswa siy ak flèch yo nan koulwa, koridò, oswa espas ki kwense yo.</li> <li>✓ Chwazi klèman pòt rantrè ak soti ki separe yo.</li> <li>✓ Mete sou pye yon sistèm livrezon san kontak pou livrezon machandiz yo, kote chofè yo ka rete nan machin yo pandan livrezon an ap fèt. Si sa pa posib, bay travayè yo ekipman pou pwoteksyon pèsònèl ki akseptab pou pwosesis livrezon yo, ki enkli, pou pi piti, yon mask pou kouvri figi yo.</li> <li>✓ Minimize pwen kontak pwodwi yo lè n'ap anile itilizasyon panye depo yo epi ankouraje kliyan yo manyen sèlman pwodwi yo pral achte yo.</li> <li>✓ Bay opsyon acha altènatif a distans pou kliyan yo, ki enkli opsyon klike epi pase pran atik yo, livrezon, epi fè komand nan telefòn pou ka limite kantite kliyan ki nan etablisman an.</li> <li>✓ Itilize konferans nan videyo oswa telefòn lè sa posib. Si yon reyinyon nesèsè, li ta dwe fèt nan espas ki laj, ki byen ayere epi ki gen distans sosyal ki apwopriye ant patisipan yo.</li> <li>✓ Espas piti yo (pa egzanp, asansè, ti sal depo, dèyè gichè lajan, ak koulwa machandiz ki kwense yo) ta dwe gen yon sèl moun alafwa, amwens ke tout moun ki nan espas sa a mete mask pou kouvri figi yo.</li> </ul>

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



# Re-ouvèti New York



## Enstwiksyon Pou Konpayi ak Anplwaye Biznis an Detay ki Esansyèl epi nan Dezyèm Faz yo

Enstwiksyon sa yo aplike tou pou tout aktivite biznis an detay ki pa esansyèl nan magazen yo ki nan rejyon yo nan eta a ki nan Dezyèm Faz [reyouvèti yo](#) oswa pi devan ke sa, ansanm ak pou tout aktivite biznis an detay ki esansyèl nan magazen yo ki toupatou nan eta a. Konsilte Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite Biznis an Detay Jeneral yo pou COVID-19 pou ka jwenn tout detay yo.

Pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la, tout biznis an detay yo ta dwe rete okouran de nenpòt dènye chanjman ke yo te fè nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite biznis an detay yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Distans Fizik (kontinye)</b>		<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Ankouraje kliyan yo itilize opsyon pèman san kontak oswa peye davans.</li> <li>✓ Ankouraje kliyan yo anbale pwòp acha yo.</li> <li>✓ Netwaye epi dezenfekte chanm pou moun chanje rad yo apre chak kliyan fin itilize yo.</li> </ul>
<b>Ekipman pou Pwoteksyon yo</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Konpayi travay yo dwe bay anplwaye yo mask pou kouvri figi ki akseptab yo ki gratis pou anplwaye yo, epi yo dwe gen yon bon jan apwovizyonman mask pou kouvri figi yo nan ka ke yo bezwen yon ranplasman.</li> <li>✓ Mask pou kouvri figi ki akseptab yo gen pami yo, men yo pa limite a, mask ki fèt ak rad yo (pa egzanz, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foulà) ak mask chirijik yo, amwens ke tip travay yo mande yon Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) ki pi estrik (pa egzanz, respiratè N95 yo, mask pwoteksyon figi yo).</li> <li>✓ Yo dwe netwaye oswa ranplase mask pou kouvri figi yo apre yo fin itilize yo epi yo pa dwe pataje yo.</li> <li>✓ Konpayi travay yo dwe fòme anplwaye yo sou jan pou yo byen mete, retire, netwaye, epi jete PPE yo, ki enkli mask pou kouvri figi yo.</li> <li>✓ Nan gichè peman yo, anplwaye yo dwe mete mask ki kouvri figi yo epi konpayi travay yo dwe mete baryè fizik yo tankou mi baryè an plastik yo nan zòn kote yo pa pral afekte sikilasyon lè, chofaj, rafrechisman, oswa ayerasyon.</li> <li>✓ Limite pataj atik yo (pa egzanz, zouti, gichè, veyikil yo) epi dekouraje moun manyen sifas komen yo; oswa, mande yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa ki medikal) lè yo an kontak ak atik komen oswa espas moun manyen souvan yo; oswa, dezenfekte oswa lave men yo anvan ak apre kontak yo.</li> </ul>	

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



# Re-ouvèti New York



## Enstwiksyon Pou Konpayi ak Anplwaye Biznis an Detay ki Esansyèl epi nan Dezyèm Faz yo

Enstwiksyon sa yo aplike tou pou tout aktivite biznis an detay ki pa esansyèl nan magazen yo ki nan rejyon yo nan eta a ki nan Dezyèm Faz [reouvèti yo](#) oswa pi devan ke sa, ansanm ak pou tout aktivite biznis an detay ki esansyèl nan magazen yo ki toupatou nan eta a. Konsilte Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite Biznis an Detay Jeneral yo pou COVID-19 pou ka jwenn tout detay yo.

Pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la, tout biznis an detay yo ta dwe rete okouran de nenpòt dènye chanjman ke yo te fè nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite biznis an detay yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj, ak Dezenfeksyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Adere a egzijans ijyèn ak asenisman yo ki soti nan <a href="#">Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo</a> (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak <a href="#">Depatman Sante</a> (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis netwayaj nan espas la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj yo.</li> <li>✓ Bay epi kenbe espas pou fè ijyèn men yo nan espas la, ki enkli lave men yo ak savon, dlo, ak sèvyèt papye yo, ansanm ak yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl oswa pi plis pou espas kote li pa posib pou moun lave men yo.</li> <li>✓ Bay epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl netwayaj ak dezenfeksyon yo anvan ak apre yo fin itilize sifas komen epi ke moun manyen souvan yo, epi apre fè ijyèn pou men yo.</li> <li>✓ Asire ke anplwaye yo mete gan pandan y'ap manyen nenpòt pwodwi manje.</li> <li>✓ Dezenfekte men yo anvan ak apre yo transfere yon kagezon (pa egzanp, kagezon kamyon) machandiz.</li> <li>✓ Fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye yo omwen apre chak orè travay, chak jou, oswa pi souvan jan sa nesèsè, epi fè netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou sifas ak atik yo pataje ak lòt moun yo (pa egzanp, gichè yo), ansanm ak espas ki gen anpil sikilasyon yo, tankou aparèy pèman yo, espas pou pase pran atik yo, twalèt yo, espas komen yo, lè nou ap itilize <a href="#">pwodwi</a> Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) la te idantifye kòm pwodwi ki efikas kont COVID-19.</li> <li>✓ Si pwodwi netwayaj ak dezenfeksyon yo oswa aktivite netwayaj ak dezenfeksyon yo lakòz pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa machin yo, pèsònèl yo ta dwe gen aksè a yon espas pou fè ijyèn pou men yo pou itilizasyon altènatif ak/oswa bay yo gan ke yo ka jete.</li> <li>✓ Entèdi manje ak bwason pataje yo (pa egzanp, manje nan modèl bifè yo).</li> <li>✓ Nou dwe mete dezenfektan pou men yo disponib toupatou nan magazen an pou anplwaye ak kliyan yo itilize.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Prepare yon plan pou resewa, netwaye, dezenfekte, epi retounen vann machandiz moun pote tounen yo, oswa modifiye politik yo pou asire sekirite anplwaye ak kliyan yo.</li> <li>✓ Netwaye epi dezenfekte machandiz moun pote tounen yo, nan mezi sa pozib.</li> <li>✓ Lè sa posib, ogmante ayerasyon ak lè ki soti deyò (pa egzanp, ouvri pòt ak fenèt yo), pandan ke n'ap kenbe prekosyon sekirite yo.</li> <li>✓ Ankouraje anplwaye yo pote pwòp manje ki soti lakay yo epi rezève espas ki apwopriye pou anplwaye yo ka kenbe distans sosyal lè y'ap manje.</li> </ul>

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



# Re-ouvèti New York



## Enstwiksyon Pou Konpayi ak Anplwaye Biznis an Detay ki Esansyèl epi nan Dezyèm Faz yo

Enstwiksyon sa yo aplike tou pou tout aktivite biznis an detay ki pa esansyèl nan magazen yo ki nan rejyon yo nan eta a ki nan Dezyèm Faz [reyouvèti yo](#) oswa pi devan ke sa, ansanm ak pou tout aktivite biznis an detay ki esansyèl nan magazen yo ki toupatou nan eta a. Konsilte Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite Biznis an Detay Jeneral yo pou COVID-19 pou ka jwenn tout detay yo.

Pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la, tout biznis an detay yo ta dwe rete okouran de nenpòt dènye chanjman ke yo te fè nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite biznis an detay yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Kominikasyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Deklare ke ou te revize epi konprann lis enstwiksyon ke Eta a te pase yo, epi ke ou pral mete yo sou pye.</li> <li>✓ Poste afichaj anndan ak deyò lokal biznis an detay la pou raple pèsònèl ak kliyan yo pou yo adere a règ sou bon jan ijyèn, distans sosyal yo, itilizasyon PPE ki apwopriye, ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.</li> <li>✓ Fòme tout pèsònèl yo sou nouvo pwotokòl yo epi kominike souvan lis enstwiksyon sekirite yo.</li> <li>✓ Afiche byen klè plan sekirite konplè yo nan espas la.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Itilize rezò sosyal, kominikasyon vèbal, ak siy yo pou kapab bay kliyan yo enstwiksyon epi ankouraje yo itilize mask pou kouvri figi yo.</li> <li>✓ Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan yo ak yon mwayen ki konsistan pou bay dènye enfòmasyon yo.</li> </ul>
<b>Evalyasyon yo</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Anplwaye ki malad yo dwe rete oswa retounen lakay yo imedyatman, si yo te vin tonbe malad nan travay la.</li> <li>✓ Mete sou pye pratik evalyasyon sante obligatwa yo (pa egzanp, kesyonè, evalyasyon tanperati yo) anvan ke anplwaye yo kòmanse travay chak jou ak pou vizitè ki esansyèl yo (men pa kliyan yo), pou poze kesyon sou (1) moun ki te gen sentom COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo, (2) moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo, ak/oswa (3) moun ki te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ke yo konfime oswa sispèk ki gen COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo. Yo dwe revize repons evalyasyon yo chak jou epi yo dwe dokimante revizyon sa a.</li> <li>✓ Yo pa ta dwe pèmèt yon anplwaye ke yo evalye ki pozitif pou sentom COVID-19 yo antre nan espas travay la epi yo ta dwe voye yo lakay yo epi mande yo kontakte founisè swen sante yo pou ka fè evalyasyon ak tès.</li> <li>✓ Si yon travayè, vizitè, oswa kliyan ki te fè entèraksyon nan biznis lan te teste pozitif pou COVID-19, nou dwe kowopere ak efò depistaj yo, ki enkli notifikasyon kontak potansyèl yo, tankou travayè, vizitè, ak/oswa kliyan (si nou konnen yo) ki te rantre nan lokal biznis an detay la soti depi 48 èdtan anvan anplwaye a te kòmanse santi sentom COVID-19 yo oswa te teste pozitif, nenpòt sa ki te rive anvan, men yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak règleman federal ak eta yo mande sa.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Fè evalyasyon yo a distans (pa egzanp, pa telefòn oswa ankèt elektwonik), anvan ke travayè yo vin nan lokal biznis an detay la, nan mezi sa posib.</li> <li>✓ Konsève yon dosye sou anplwaye ak vizitè yo ki ta ka an kontak tou pre oswa bò kote lòt moun ki nan zòn oswa espas travay la; sa pa enkli kliyan yo; epi sa eskli livrezon ki fèt ak ekipman PPE ki apwopriye oswa apati mwayen san kontak yo.</li> <li>✓ Ale li <a href="#">konsèy</a> DOH konsènan pwotokòl ak règleman pou anplwaye k'ap chèche retounen nan travay apre yo sispèk oswa konfime yon ka COVID-19 oswa apre yon anplwaye te gen kontak sere oswa kontak pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 la.</li> <li>✓ Ankouraje – men pa egzije – kliyan yo fè evalyasyon sante yo epi bay enfòmasyon kontak yo pou ke yo ka mete yo nan dosye epi kontakte yo pou depistaj kontak yo, si sa nesèsè.</li> <li>✓ Mande anplwaye yo pou yo imedyatman revele si yo kòmanse santi sentom yo, ki enkli pandan orè an deyò travay yo.</li> <li>✓ Pèsònèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo ta dwe pran fòmasyon nan men moun ke konpayi travay yo te idantifye kòm moun ki famiyè ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo, epi yo dwe mete ekipman PPE ki apwopriye ke konpayi travay yo te bay, ki enkli pou pi piti, yon mask pou kouvri figi yo.</li> </ul>


STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



# Re-ouvèti New York



## Enstwiksyon Pou Konpayi ak Anplwaye Biznis an Detay ki Esansyèl epi nan Dezyèm Faz yo

Enstwiksyon sa yo aplike tou pou tout aktivite biznis an detay ki pa esansyèl nan magazen yo ki nan rejyon yo nan eta a ki nan Dezyèm Faz [reouvèti yo](#) oswa pi devan ke sa, ansanm ak pou tout aktivite biznis an detay ki esansyèl nan magazen yo ki toupatou nan eta a. Konsilte Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite Biznis an Detay Jeneral yo pou COVID-19 pou ka jwenn tout detay yo.

Pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la, tout biznis an detay yo ta dwe rete okouran de nenpòt dènye chanjman ke yo te fè nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite biznis an detay yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Evalyasyon yo (kontinye)</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>✓ Imedyatman enfòme depatman sante eta ak lokal la sou nenpòt ka rezilta tèst ki pozitif pou COVID-19 pou yon anplwaye.</li><li>✓ Chwazi yon sipèvizè sekirite espas la ki pral asire konfòmite ak plan sekirite biznis lan.</li><li>✓ Fè netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspozè yo nan ka ke gen yon ka ki pozitif pou COVID-19, epi netwayaj ak dezenfeksyon sa a dwe gen ladan, pou pi piti, tout espas ki gen anpil sikilasyon yo ak kote moun manyen souvan yo (pa egzansp, twalèt, manch pòt yo).</li></ul>	

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.